



# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU APRANTISAJ A DISTANS



- **Ki lè Liy Enfòmasyon Aprantisaj a Distans la ouvè?** Ou ka rele liy enfòmasyon an nan 305-995-HELP(4357) kòmanse lendi rive vandredi soti 8:00 dimaten pou 4:00 nan aprèmidi.
- **Èske m toujou ka prete oubyen ranplase yon aparèy mobil?** Distri a tranzisyon soti nan distribisyon santralize pou distribisyon dirèk nan andwa lekòl yo. Silvouplè vizite <http://covid19.dadeschools.net/> pou plis enfòmasyon.
- **E si m pa gen entènèt lakay mwen?** Distri a ap travay avèk diferan founisè entènèt pou ouvè rezo yo e ofri entènèt gratis. 'Hotspots WiFi Xfinity' atravè peyi a disponib pou nenpòt moun ki bezwen yo gratis - ki gen ladan menm kliyan ki pa gen abònman entènèt ak Xfinity. W ap jwenn yon kat jewografik ki disponib avèk 'hotspots' ki disponib yo [la a](#). Yon fwa ou nan yon 'hotspots', konsomatè a dwe chwazi non rezo "xfinitywifi" nan lis non 'hotspots' ki disponib yo, epi, lanse yon navigatè. Comcast te kreye tou nouvo koleksyon edikasyonèl pou tout nivo ane eskolè an kolaborasyon avèk 'Common Sense Media'. Kliyan yo ka di mo "edikasyon" nan vwa telekòmand X1 oubyen Flex yo ap sèvi a. AT&T ofri aksè entènèt pou fanmi ki kalifye ki pa gen gwo revni yo a \$10 pa mwa atravè pwogram Aksè AT&T yo a. Yo ofri tou de (2) mwa sèvis gratis nouvo Aksè bay kliyan AT&T. Aprann plis [la a](#). Anplis, Distri a distribiye plis pase 12,000 hotspots/telefòn entelijan pou elèv.
- **Konbyen èdtan nou espere pou elèv yo travay chak jou?** Nou pa atann pou elèv yo travay sou devwa yo pou tout yon jounen lekòl. Tou depan de nivo ane eskolè yo ak lòt faktè, kantite tan elèv yo pase ap fè travay lekòl yo ap varye. Lè nou konsidere reyalye kondisyon sa yo, travay klas elèv yo ak devwa yo se esansyèlman menm bagay la, e lè nou konsidere elèv yo manke sipò an pèsòn nan men kamarad ak pwofesè yo, pwofesè yo dwe diminye kantite travay yo abityèlman asiyen bay elèv yo an relasyon ak kantite total devwa yo te ka genyen otreman nan yon anviwònman kondisyon lekòl nòmal. Yo mete nan Plan Kontinite Enstriksyonèl la kantite tan yo rekòmande pou elèv pase ap travay nan yon sijè/nivo ane eskolè. Paran/elèv ki fè eksperyans travay yon kantite tan ki pa nòmal dwe kontakte pwofesè endividyèl yo, konseye lekòl la, e/oubyen direktè/tris lekòl la.
- **Kòman yo pral kontwole prezans chak jou pandan 4èm peryòd nòt la?** Elèv yo ap anrejistre nan pòtal elèv la pou yo make prezans yo nan lekòl la. Elèv yo ap resevwa yon alèt konfimasyon lè yo siyen non yo. Si yon elèv pa siyen non li nan pòtal la, limenm oubyen paran li yo ap resevwa yon apèl telefòn otomatik nan demen vè midi, ki endike elèv la pa t siyen non li nan pòtal la jou anvan an e yo te make li absan. Nou ankouraje elèv yo pou yo antre nan pòtal la pandan lè regilye lekòl yo. Elèv ki nan klas Matènèl jiska 2èm ane eskolè ak elèv ki gen andikap, ki ka bezwen asistans pou yo konekte nan pòtal elèv la, kapab antre nan sèvi ak 'Clever Badges', ki se yon kòd QR pou aksè fasil. Silvouplè kontakte pwofesè pitit ou pou jwenn kòd QR pitit ou.
- **Kòman yon elèv oubyen yon paran ka konteste yon absans?** Nenpòt elèv/paran ki mande pou konteste yon absans ap gen yon peryòd 72 èdtan pou soumèt yon demand



# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU APRANTISAJ A DISTANS



apèl/koreksyon (atravè lèt elektwonik) bay administrasyon lekòl la. Demand la dwe gen ladan evidans sipò ki demontre elèv la te angaje/patisipe nan yon aktivite aprantisaj a distans apwouve pou jounen ki an kesyon an. Evidans sipò yo ka gen ladan bagay tankou: lèt elektwonik avèk pwofesè yo, ilizasyon platfòm nan avèk mesaj ki date, pwogram enstriksyon sou Entènèt, oubyen nenpòt platfòm edikasyonèl sou entènèt ki kontwole dat/lè. Direktè a ka detèmine lòt evidans/rezon ki jistifyab.

- **Èske elèv ap resevwa nòt pou aprantisaj a distans?** Elèv yo ap resevwa yon nòt minimòm pa semèn pou chak sijè. Pwofesè yo ap pèmèt elèv yo ratrape nenpòt devwa yo ta manke pandan tout peryòd nòt la. Pwofesè yo ap kontakte paran yo ak konseye gidans nan lekòl la si elèv la pa angaje li nan leson ak devwa yo asiyen li yo.
- **Kijan desizyon pou elèv pase oubyen double klas ap fèt ane sa a?** Baze sou enstriksyon ki soti nan nivo eta a, se direktè lekòl la, an konsiltasyon avèk paran ak pwofesè ki ap pran desizyon pou elèv pase oubyen double klas pou tout nivo ane eskolè, ki gen ladan 3èm ane eskolè. Desizyon yo dwe baze sou pèfòmans akademik ansanm ak done sou kontwòl pwogrè elèv yo. Direktè lekòl la dwe konsidere oubyen apwouve pou yon elèv double klas kòm yon desizyon dènnye chans nan ka kote pwofesè ak paran/gadyen dakò desizyon sa a fèt nan meyè enterè elèv la.
- **Kòman m ka kontakte lekòl pitit mwen an?** Sou paj prensipal [dadeschools.net](https://dadeschools.net) klike, nan mo 'Schools' ki anlè a, apre sa klike sou 'School Information'. Yon fwa ou sou paj lis non an, chèche lekòl pitit ou a e klike sou non lekòl la pou jwenn aksè sou paj prensipal lekòl la. Finalman, klike sou bouton adrès elektwonik ki sou kote foto lekòl la anlè paj la pou jwenn aksè sou adrès imèl direktè a. Anpil lekòl tou poste enfòmasyon lis kontak yo sou paj 'Twitter' yo.
- **Kòman mwen ka kominike avèk pwofesè pitit mwen?** Meyè fason pou w kominike avèk pwofesè pitit ou se atravè mesaj elektwonik oubyen platfòm sou entènèt nou te endike nan Lis Elèv pou Fèmti Lekòl la pandan lè biwo pwofesè yo. Nou atann pwofesè yo ap disponib pou elèv pou pa plis pase twazèdtan pou jou. Si w bezwen asistans pou kominike avèk pwofesè pitit ou, silvouplè kontakte lekòl pitit ou a.
- **Èske tout pwofesè ap itilize menm platfòm oubyen pwogram sou Entènèt?** Nou ankouraje pwofesè pou yo itilize platfòm yomenm oubyen elèv yo abitye te konn itilize avan fèmti lekòl yo. Nou ankouraje e bay pwofesè fòmasyon ki pat konn pou itilize platfòm avan yo pou sèvi ak 'Microsoft Teams.' Nan M-DCPS, kounye a plis pase 200,000 itilizatè ap sèvi ak 'Microsoft Teams'.
- **Kòman paran ka aprann plis sou aprantisaj sou Entènèt ak lòt sijè ki gen rapò ak li?** Akademi Paran Distri a te lanse kat nouvo atelye Kanpous Vityèl sou Entènèt ki gen pou tit "*The Instructional Continuity Plan for Parents Helping Children Cope a Crisis, Helping Families Navigate Microsoft Teams, and ESE During Distance Learning*



# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU APRANTISAJ A DISTANS



Overview for Parents.” (Plan Kontinite Enstriksyonèl pou Paran Ede Timoun Jere Kris, Ede Fanmi yo Navige ‘Microsoft Teams’, ak ESE Pandan Aprantisaj a Distans la Ide Jeneral pou Paran). Silvouplè vizite Koupous sou Entènèt Akademi Paran an nan <https://parentacademymiami.com/> pou atelye sa yo ak lòt atelye enpòtan ki adrese sijè tankou: sekirite sou Entènèt, sigarèt elektwonik, “Open Educational Resources (OER)” (Resous Edikasyonèl Ouvè), anksyete, ak sante mantal. Ou ka suiv tou Akademi Paran an sou Twitter nan [@FamilySS\\_mdcps](https://twitter.com/FamilySS_mdcps).

- **Kisa distri a ap fè pou ogmante sekirite sou Entènèt pou pwoteje elèv ak fanmi yo? Kisa mwen ka fè kòm yon paran pou pwoteje pitit mwen?** Sistèm Entènèt distri yo pwoteje paske se pou w antre nan yon pòtal pou w ka jwenn aksè avèk yon idantifikasyon ak modpas ki pwoteje e ki filtre rezo a pou bloke kontni ki pa apwopriye. Akoz kèk pwofesè chwazi pou yo itilize ‘zoom’ kòm yon mwayen pou anseye ak videyo e kominike avèk elèv, nou achte vèsyon antrepriz pwogram nan yo ka kounye a itilize an konjonksyon avèk ‘Microsoft Teams’. Toude aplikasyon sa yo disponib sou pòtal elèv ak pwofesè yo, ki se anviwònman sekirize san entèripsyon. Nou ankouraje paran pou yo asire elèv yo retire nenpòt ansyen vèsyon ‘zoom’ yo te enstale anvan nan aparèy yo e enstale ‘Microsoft Teams’. Nou dwe sonje sit Entènèt ki depase domèn nou mande sipèvizyon paran e akoz elèv ki sou Entènèt plis tan toujou, li enpòtan pou paran yo vijilan pou yo asire sekirite sou Entènèt.
- **Ki akomodasyon ki ap fèt pou elèv ki pa pale Anglè?** Elèv ki ap Aprann Anglè yo ap resevwa menm sèvis ak elèv ki metrize Anglè yo, men yo ka itilize diferan platfòm ki gen tradiksyon otomatik. Pwofesè yo ap kontinye itilize estrateji ESOL yo pou sipòte Elèv ki ap Aprann Anglè yo.
- **Ki modifikasyon ki ap fèt pou elèv ki gen bezwen espesyal yo?** Distri a adapte kontni yo pou yo aksesib pou elèv ki gen bezwen espesyal yo. Pa egzanp, elèv ki gen Andikap Vizyèl yo resevwa enfòmasyon sou fason pou yo gen aksè sou aplikasyon pou tèks diskou, pou gen aksè sou bibliyotèk liv odyo, ak sèvis bray pou leson siplemantè pou elèv ki bezwen bray. Entèprèt Lang Siy yo ap travay avèk pwofesè ki itilize ‘Microsoft Teams’ yo. Bay konsèy ak lòt sèvis ki gen rapò ak IEP ap fèt sou Entènèt nan yon degre ki pratik. Yo ajoute plis resous enstriksyonèl nan Plan Kontinite Enstriksyonèl la pou ofri sipò bay pwofesè elèv ki gen andikap yo. Pwofesè elèv ki gen gwo andikap e ki pa kapab navige sou platfòm aprantisaj sou Entènèt yo ap prepare leson altènatif avèk konsèy y ap jwenn nan men anplwaye Depatman ESE a.
- **E si pitit mwen a nan pwosesis pou evalyasyon pou detèmine si li elijib pou sèvis espesyalize (Elèv ki Gen Don oubyen ESE)?** Seleksyon, evalyasyon, evalyasyon sikolojik ak edikasyonèl, “Individual Educational Plans (IEP)” (Plan Edikasyon Endividyèl), ak Plan Seksyon 504 ki pako acheve yo ap fin konplete atravè telefòn oubyen sou Entènèt nan yon degre ki pratik. Si gen yon gwo reta, se anplwaye distri ki apwopriye a ki ap fè paran yo konnen rezon ak dire reta a ansanm ak plan pou avanse pi vit posib pou evite yon reta konsa nan lavni.



# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU APRANTISAJ A DISTANS



- **Kisa ki pral pase pou egzamen FSA yo?** Eta a te anile tout evalyasyon yo pou ane sa a.
- **Kisa ki pral pase pou egzamen SAT yo?** Komisyon Kolèj la anile administrasyon Egzamen SAT 2 me ak 6 jen 2020 yo ansanm ak administrasyon Egzamen pou Matyè SAT yo. Yo ap ranbouse elèv frè ki te deja enskri e peye pou egzamen yo. Yo ka retounen frè yo e yo ka aplike yo pou lòt fiti egzamen tankou sa ki pral fèt 29 out, septanm (poko gen dat) 3 oktòb, 7 novanm, 5 desanm. Yo ap ouvè sistèm enskripsyon SAT a an me e yo ap bay enskripsyon elèv ki te enskri pou mwa jen yo priyorite ak tout elèv nan Klas 2021 yo. Nou rekòmande pou elèv yo siveye kominikasyon Komisyon Konsèy Kolèj la voye ba yo e travay depre ak konseye gidans yo pou detèmine meye dat pou yo pran egzamen an. Elèv yo dwe kontinye mete yo disponib pou itilize divès kalite resous sou entènèt la pou pratik ak preparasyon. Silvouplè klike [la a](#) pou plis enfòmasyon.
- **Kisa ki pral pase pou kou ak egzamen AP yo?** Komisyon Kolèj la ap administre egzamen AP yo soti 11 me – 22 me 2020, atravè yon platfòm pou pran egzamen lakay. Tout orè egzamen yo, kalite repons kesyon espesifik ki pral nan chak egzamen AP yo, ak lòt detay adisyonèl sou egzamen an disponib [la a](#). Pwofesè espsyalize nan AP yo a pap bay sipò enstriksyonèl gratis atravè yon [YouTube channel](#) avèk revizyon Kou AP andirèk. Ou ka jwenn chèn sa a [la a](#). Elèv AP yo dwe gen yon òdinatè pòtab, aksè 'wi-fi' ki san entèripsyon pou tout 45 minit egzamen AP a e yon kote kalm nan kay la pou yo pran egzamenan. Elèv dwe asire yon gen yon enfòmasyon pèsonèl ajou ak Komisyon Kolèj la avèk yon adrès imèl valab, kòd lekòl segondè kòrèk, e pou konnen kesyon sekirite yo te itilize lè yo tap ouvè kont la Komisyon Kolèj la.
- **Kisa ki pral pase pou Egzamen Cambridge yo?** 'Cambridge International' deside pou l pa fè seri egzamen me/jen 2020 yo a. Sa gen ladan Cambridge IGCSE, Cambridge O Level, Cambridge International AS & A Level, Diplòm Cambridge AICE ak Cambridge Pre-U. nou rekonèt elèv yo t ap travay di pou prepare pou egzamen sa yo. Nou ap travay avèk lekòl yo pou evalye akonplisman elèv yo nan itilize meye evidans ki disponib yo. Elèv yo ap resevwa yon nòt ak yon sètifika ki soti Cambridge International, lè nou konsidere konesans ak ladrès yo resevwa nan pwogram etid yo. Sa ap asire elèv yo pa sibi yon dezavantaj akòz sikonstans ekstrawòdinè sa yo. Pou plis enfòmasyon, silvouplè klike [la a](#).
- **Kisa ki pral pase pou Egzamen Bakaloreya Entènasyonal yo?** Egzamen me 2020 ki te pwograme ant 30 avril ak 22 me pou kandida "Diploma Programme (DP)" (Pwogram Diplom ak "Career-related Programme (CP)" (Pwogram ki gen rapò ak Karyè) yo pap fèt ankò. Selon sa elèv yo te enskri pou li, yo ap resevwa yon Diplòm oubyen yon Sètifika pou Kou ki reflekte estanda travay yo. Sa ap fèt sou baz travay elèv la te fè pou kou a ansanm ak ekspètiz evalyasyon ki etabli a, rijidite ak kontwòl kalite ki deja bati anndan pwogram yo. Pou plis enfòmasyon, silvouplè klike [la a](#).



# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU APRANTISAJ A DISTANS



- **Kisa ki pral pase pou kou “Dual Enrollment (DE)” (Anwolman Doub) yo?** Nou ankouraje tout elèv Prentan 2020 DE yo pou yo kominike dirèkteman avèk pwofesè kolèj yo oubyen yon pwofesè M-DCPS ki gen kalifikasyon pou DE. Pwofesè ki gen kalifikasyon pou DE yo gen leson ak resous ki disponib sou sit Entènèt edikasyonèl yo ansanm ak lòt platfòm elektwonik. Gen yon feyè ki gen plis enfòmasyon ki disponib nan <http://distancelearning.dadeschools.net/> anba resous elèv. Enskripsyon DE FIU pou ete a disponib [la a](#).
- **Kisa ki pral pase pou egzamen Sètifikasyon Endistri yo?** Depatman Edikasyon Florid ap enpleman yon plan pou pèmèt elèv K-12èm ane eskolè ki anwole aktyèlman yo pran egzamen yo lakay yo. Silvouplè vizite <http://dcte.dadeschools.net> oubyen kontakte pwofesè CTE ou a pou dènye enfòmasyon akòz lis la ka chanje pandan yo ap travay pou apwouve pou elèv yo pran egzamen yo lakay.
- **Kisa ki pral pase pou kou estaj ak kou pou apranti yo?** Tout kou estaj yo anile. Elèv yo ap gen aksè sou ‘Odysseyware’ ak ‘my CareerShines’ pou konplete modil eksplorasyon karyè yo ak kou aprantisaj ki baze sou travay. Silvouplè vizite <http://dcte.dadeschools.net> pou plis detay.
- **Mwen se yon elèv dènye ane lekòl segondè, èske m ap elijib pou m gradye ane sa a?** Elèv dènye lekòl segondè ki genyen kantite kredi kou ki nesèsè yo E ki genyen yon Mwayèn Jeneral 2.0 sou yon echèl 4.0 ap kapab gradye menmsi yo pa t pase Evalyasyon Lekti/Ekriti Anglè 10èm ane eskolè a oubyen Aljèb I EOC a piske tout egzamen eta yo te anile ane sa a. Elèv ki nan Klas 2020 (dènye ane) yo dwe deja resevwa yon mesaj elektwonik avèk enfòmasyon adisyonèl e Kesyon Moun Poze Souvan pou Elèv Dènye Ane Lekòl Segondè yo. Asire w ou tcheke imèl Dadeschools.net ou.
- **E si mwen pa t fin konplete yon pwojè sèvis kominotè e mwen se yon elèv dènye ane lekòl segondè ki pral gradye?** Lè nou konsidere bezwen moun genyen kounye a pou izole yo sosyalman e rete lakay, nenpòt elèv dènye ane lekòl segondè ki pral gradye pou ane 2019-2020 an e ki toujou gen yon Pwojè Sèvis Kominotè pou l konplete pou l ka satisfè kondisyon pou gradyasyon ki nan Règ Komisyon Konsèy Lekòl 5410 a, e ki gen referans nan Plan Pwogresyon Elèv la, dwe konsidere fè rechèch sou yon kesyon ki gen enterè ak enpòtans nan nivo lokal, eta, nasyonal, oubyen global e voye yon lèt bay reprezantan nan nivo lokal, eta, oubyen nasyonal pou eksplike poukisa yo santi li enpòtan pou gouvènman yo aji sou sitiyasyon yo fè rechèch sou li a. Nou ankouraje anplwaye nan lekòl yo ki gen responsablite pou apwouve Pwojè Sèvis Kominotè elèv yo pou yo montre yo osi fleksib posib pandan y ap satisfè misyon Sèvis Kominotè a ki se yon kondisyon pou gradyasyon.
- **Èske elèv yo ap ka mande relve nòt pou aplikasyon kolèj oubyen bousdetid?** Elèv ap ka jwenn relve nòt ki pa ofisyèl atravè Pòtal Elèv la. Yo ap ka kòmande relve nòt ofisyèl yo atravè sit Entènèt lekòl la, faks, oubyen lè yo kontakte lekòl la dirèkteman. Opsyon pou fè kòmand yo ka diferan selon lekòl la.